# Jeke gúres sport mektebinde jas óspirimler arasında sporttıń erkin gúres túri boyınsha jarıs ótkerildi

2023-jıl 27-28-yanvar kúni Jeke gúres sport mektebinde erkin gúres boyınsha jarıs ótkerildi. Bunnan gózlengen maqset:
- jas óspirimler hám qızlar arasında erkin gúres sportın elede rawajlandırıw;
- jas óspirimler arasında salamat turmıstı engiziw;
- jas óspirimler saylandı komandasın qáliplestiriwden ibarat. Jarıs 23, 26, 29, 32, 35, 38, 42, 46, 50, 55, 60, 71, 80, 92 kg salmaq boyınsha bolıp ótti. Jarıs jeńimpazlarına medal hám diplomlar menen saltanatlı túrde sıylıqlandı.